NEW RENAISSANCE international scientific journal
ResearchBib IF - 11.01, ISSN: 3030-3753, Volume 3 Issue 3

# BASKETBOL OYININDA TÓRESHILER HÁM OLARDIŃ WAZIYPALARINA HARAKTERESTIKA

**Jiemuratova Alima Sag'inbaevna**
Berdaq atindag`i QMU.
Dene madeniyati teoryasi ham metodikasi kafedrasi.

https://doi.org/10.5281/zenodo.19246650

***Annotatsiya.*** *Bul maqalada basketbol oyınında tóreshiler hám olardıń járdemshileriniń wazıypaları, olardıń oyın barısındağı orni hám áhmiyeti keńinen qarastırıladı. Sonday-aq, úlken tóreshi, tóreshi, xatker, sekund esaplawshı hám 24 sekund operatorınıń funksiyaları talqilanadı.*

*Maqalada tóreshilerdiń ádillik, ob'ektivlik hám professional tayyarlığı sport jarıslarınıń ádil hám tártiptik ótiwin támiyinlewdegi áhmiyeti ashıp beriledi.*

***Kalit so'zlar:*** *basketbol, tóreshi, úlken tóreshi, xatker, sekund esaplawshı, 24 sekund operatorı, qağıyda, ádillik, sport jarısı.*

***Annotation.*** *This article examines the roles and responsibilities of referees and their assistants in basketball games. It analyzes the functions of the chief referee, referee, scorer, timekeeper, and 24-second operator, and their importance in ensuring fair and organized gameplay. The article emphasizes the role of professionalism, objectivity, and fairness in maintaining the integrity of sports competitions.*

***Keywords:*** *basketball, referee, chief referee, scorer, timekeeper, 24-second operator, rules, fairness, sports competition.*

***Аннотация.*** *В данной статье рассматриваются обязанности судей и их помощников в баскетболе. Анализируются функции главного судьи, судьи, секретаря, секундометриста и оператора 24 секунд, а также их роль в обеспечении соблюдения правил игры. Особое внимание уделяется профессионализму, объективности и справедливости судей.*

***Ключевые слова:*** *баскетбол, судья, главный судья, секретарь, секундометрист, оператор 24 секунд, правила, справедливость, спортивные соревнования.*

Tóreshiler delingende úlken tóreshi hám tóreshi túsiniledi. Olarǵa sekund esaplaytuǵın, xatker hám 24 sekund operatorı járdem beredi, sonıń menen birge, texnikalıq komissar da qatnasıwı múmkin.

Tóreshiler hám olardıń járdemshileri oyındı qaǵıydalarǵa jáne bul qaǵıydalardı FIBAnıń rásmiy talqısına muwapıq ótkeriwi kerek. Anıq bir oyınnıń úlken tóreshi hám tóreshisi jetkilikli dárejede tereń bilimli hám de ádil bolıwı, maydanda qatnasıp atırǵan komandaǵa qaraslı qanday da bir shólkem menen sira da baylanıslı bolmawı zárúr. Tóreshiler, olardıń járdemshileri yamasa texnikalıq komissar oyın qaǵıydaların ózgertiwge razılıq beriwge haqısı joq.

Tóreshiler qara basketbol ayaq kiyimin, uzın kúlreń shalbar hám kúlreń kóylekten ibarat sport kiyimin kiyiwi shárt.

Úlken tóreshi barlıq úskene hám ásbaplardı tekseriw hám de tastıyıqlawı kerek. Usınıń menen birge, ol stol átirapında otıratuǵın tóreshiler hám olardıń járdemshileri tárepinen paydalanılatuǵın barlıq signallardı tekseredi hám tastıyıqlaydı. Ol oyınnıń rásmiy saatın tańlaydı hám sol saat operatorı, sonıń menen birge, xatker hám 24 sekund operatorı menen tanısadı. Ol oyınshılarǵa basqa oyınshılar densawlıǵına ziyan jetkeriwi múmkin bolǵan zatlardı taǵip shıǵıwına ruqsat bermewi kerek.

Úlken tóreshi maydan orayındaǵı sheńberde toptı joqarıǵa ılaqtırıp, oyındı baslap beredi.

Eger top sebetke túsken yamasa túspegenligi boyınsha tóreshilerdiń pikirleri qarama-qarsı bolsa, bunday jaǵdaylarda úlken tóreshiniń ózi máseleni qatań sheshedi. Ol zárúr bolǵan sharayatta oyındı toqtatıp qoyıwǵa haqılı, sonıń menen birge, eger komanda úlken tóreshiniń kórsetpesinen keyin de oyında qatnasıwdan bas tartsa yamasa komanda óziniń qolaysız háreketleri menen oyındı dawam ettiriliwine qarsılıq kórsetip atırǵan bolsa, bunda tóreshi, komanda oyındı dawam ettiriliwine qarsılıq kórsetip atırǵan bolsa, bunda tóreshi, komanda oyındı dawam ettiriw huqıqınan juda etilgenligi sebepli jeńiliwge dus keldi, dep belgilewi múmkin.

Xatker hám sekund esaplaytuǵın geypara máselelerdi sheshiwde bir pikirge kela almaǵan payıtlarında da úlken tóreshi qarar shıǵarıwdı óz moynına aladı. Úlken tóreshi oyınnıń hár eki yarımınan keyin hám hár bir qosımsha waqıt juwmaǵında yamasa zárúr dep tapsa, qálegen waqıtta dizimdi dıqqat penen tekseredi, esaptı hám oyın aqırına shekem qalǵan waqtın tastıyıqlaydı.

Tóreshilerdiń oyın menen bolǵan baylanıslaları oyın aqırında dizimdi tastıyıqlaw menen tawısadı.

Qaǵıydalarda jazılmaǵan sorawlar tuwılıp qalsa, úlken tóreshiniń bunday sorawlardı sheshiwge haqısı bar.

Tóreshiler ısqırıwǵa hám bir waqıttıń ózinde belgi (5 nomeri yamasa 19 nomeri) járdeminde saat toqtaytuǵının kórsetiwge májbúr. Sonnan keyin, olar ózleriniń qararların túsindiriw maqsetinde barlıq belgilerdi kórsetip beredi.

Top oyın procesinde maydannan yamasa járiyma tobı taslanǵannan keyin sebetke tusse, tóreshiler ısqırmawı kerek, biraq top túskenligin belgi (1 nomeri yamasa 3 nomeri) járdeminde anıq kórsetiwi shárt.

Eger qabıl etilgen qarardı túsindiriw maqsetinde awızsha baylanıs zárúr bolsa, ol jaǵdayda barlıq xalıqaralıq jarıslarda bunday túsindiriwler anglichan tilinde alıp barılıwı kerek.

Hár bir foldan yamasa tartıslı top atıwǵa qarar etkennen keyin tóreshiler maydanda óz orınların almastıradı.

Oyın dawamında texnikalıq komissardıń wazıypası birinshi náwbette, stol átirapında otırǵan tóreshilerdiń jumısların baqlawdan hám de úlken tóreshi hám tóreshige oyındı arqayınlıq penen ótkeriwine járdem beriwden ibarat.

Tóreshiler qále maydan ishinde, qále sırtta ámelge asırılǵan qaǵıydabuzarlıqlar boyınsha qarar shıǵarıw huqıqına iye boladı.

Bul huqıq olar maydanǵa oyın baslanıwınan 20 minut aldın shıqqanınan baslap kúshke kiredi hám úlken tóreshi tárepinen tastıyıqlanǵan oyın waqtı tamam bolıwı menen tawsıladı.

Oyındaǵı tánepisler waqtında etilgen follar ushın jaza 73 elementte kórsetilgeni sıyaqlı ámelge asırladı.

Eger oyın waqtı tamamlanıwı hám dizimge qol qoyılıwı arasında oyınshılar, trenerler, trener járdemshileri yamasa komanda joldaslarınıń sportshılarǵa ılayıqsız bolǵan háreketleri gúzetilse, úlken tóreshi qolaysız hádiyse bolǵanlıǵı haqqında dizimge jazıp qoyıwı shárt jáne bul haqqındaǵı esabat juwapker shólkemge jetkeriliwine, bul shólkem payda bolǵan hádiysege qattı qollıq penen ilaj kóriwine isenim payda etiwi zárúr.

Eger tóreshi óziniń belgilengen minnetlemeleri shegarasında qarar shıǵarsa, qaǵıydalarda názerde tutılǵanı sıyaqlı, hesh qaysı bir basqa tóreshi onıń sheshimin ózgertiwge yamasa gúman astına alıwına haqılı emes.

Tóreshiler ámelge asırılǵan follar yamasa qaǵıyda buzarlıqlardıń rejimin anıqlap barıwi shárt hám soǵan muwapıq jazanı ámelge asırıwı zárúr.

Xatker toplanıp atırǵan ochkolar jıyındısın izbe-iz tártipte qosıp barıwı shárt. Ol maydannan hám járiyma topları taslanǵanda sebetke túsken yamasa túspegen toplardı belgilep te barıwı kerek.

Xatker hár bir oyınshıǵa belgilengen jeke yamasa texnikalıq follardı dizimge aladı hám oyınshılardıń qanday da birine besinshi fol belgilengen waqıtta, asıǵıslıq menen úlken tóreshige bul haqqında xabar etedi. Ol hár bir komanda soranıwı menen alınǵan bir minutlı tánepislerdi dizimnen ótkerip baradı, trener oyınnıń hár bir yarımında ekinshi tánepis alǵanında, onı tóreshi arqalı bul haqqında eskertedi. Sonıń menen birge, ol nomerler jazılǵan kórsetkishlerden paydalanıp, hár bir oyınshı tárepinen ámelge asırılǵan follardıń sanın kórsetip baradı.

Xatker oyındı baslap beretuǵın oyınshılardıń hám oyınǵa túsetuǵın barlıq rezervtegi oyınshılardıń atı-familiyası hám nomerlerin dizimge aladı. Komanda quramı, oyınshılardıń nomerleri hám rezervtegi oyınshılar haqqındaǵı dizimdi tapsırıwǵa tiyisli qaǵıydalar buzılǵan waqıtta, xatker tez jaqın turǵan tóreshige bul haqqında xabar etedi.

Xatker signalınıń dawısı oyın saatın yamasa oyındı toqtatpaydı, toptı jansız jaǵdayǵa ótiwge májbúr etpeydi.

Xatker signal beriwde júdá abaylı bolıwı kerek. Signal tek top jansız dep esaplanǵan hám de oyın saatı toqtatılǵan waqıtta hám top oyınǵa qayta kiritiliwinen aldın beriliwi kerek. Eń áhmiyetlisi, xatker signalınıń dawısı qalǵan basqa signallardıń dawısınan ajıralıp turıwı kerek.

Sekund esaplaytuǵın oyınnıń hár bir yarımın baslanıw waqtın gúzetedi hám oyın baslanıwınan keminde úsh minut aldın úlken tóreshini bul haqqında eskertedi. Úlken tóreshi óz gezeginde, oyınǵa tayarlanıp atırǵan komandalarǵa oyın yarımı baslanıwına 3 minut waqıt qalǵanlıǵı haqqında xabar beredi. Sekund esaplaytuǵın, bul qaǵıydalarda názerde tutılǵanı sıyaqlı, oyın waqtın hám oyında bolǵan toqtawlar waqtın esapqa alıwdı júrgizedi.

Sekund esaplawshınıń signalı toptı jansız jaǵdayǵa ótiwge májbúr etedi, oyın saatı bolsa toqtatıladı.

Talap etip alınǵan tánepiste sekund esaplaytuǵın sekund esaplaǵıshtı júrgizip qóyadı hám xatkerge tánepis baslanǵanınan 50 sekund ótkennen keyin signal beriwdi usınıs etedi.

Sekund esaplaytuǵın júdá bálent dawıslı signal arqalı oyınnıń hár eki yarımı yamasa qosımsha waqıt tawsılǵanlıǵı haqqında xabar beredi. Eger sekund esaplawshınıń signalı shalınbay qalsa yamasa jaqsı esitilmese, sekund esaplaytuǵın úlken tóreshini xabarlı etiw ushın asıǵıslıq penen basqa múmkinshiliklerden paydalanıwı kerek. Eger sol waqıtta top sebetke túsken bolsa yamasa fol belgilengen bolsa, lekin úlken tóreshi sebetke túsken toptı esaplaw-esaplamaw yamasa fol ushın jaza belgilew–belgilemew máselelerinde ekilenip atırǵan bolsa, ol jaǵdayda ol tóreshi menen máslahátlesiwi kerek.

Eger sonnan keyin de óz ara kelisimler dawam ettiriliwi zárúr bolsa, úlken tóreshi sekund esaplaytuǵın hám xatker menen bir qatarda, texnikalıq komissar menen de (eger ol qatnasıp atırǵan bolsa) máslahátlesiwi kerek.

Biraq qatań hukumdi úlken tóreshi shıǵaradı.

24 sekund operatorı sol 24 sekund úskenesin yamasa saattı basqarıp turadı.

24 sekund operatorınıń signalı toptı jansız jaǵdayǵa ótiwge májbúr etedi hám oyın saatı toqtatıladı.

Oyınshı maydanında janlı top ústinen qadaǵalap atırǵan minuttan baslap, 24 sekundlı úskene operator tárepinen ılajı bolǵanınsha tezirek iske salınıwı kerek. Komanda top ústinen baqlawdı joytıwı menen, yaǵnıy:

a) toptı sebetke taslawǵa urınıw bolǵanda hám keyin top taslaǵan oyınshınıń qolına qaytıp tiymegen waqıtta;

b) top ústinen qadaǵalawdı qarsılas komandasınıń oyınshısı toqtatıp qoyǵan waqıtta;

v) top jansız jaǵdayǵa ótken waqıtta úskene tez toqtatılıwı shárt. Úskene 24 sekundqa qaytarıp qoyılıwı hám keyingi sapar maydandaǵı oyınshınıńıń top ústinen qadaǵalawı tikleniwi menen-aq, jańa 24 sekundlı waqıt baslanǵan waqıttataǵı joǵalıwı kerek.

Biraq:

a) top maydan tısqarısına shıǵıp ketkende hám toptı oyınǵa kirgiziw bunnan aldın toptı qadaǵalap turǵan komanda oyınshısı tárepinen ámelge asırılǵanda;

b) tóreshiler jaralanǵan oyınshınıń qorǵaw ushın oyındı toqtatqanında hám toptı oyınǵa kirgiziw jábirlengen oyınshı qatnasıp atırǵan komandanıń basqa oyınshısı tárepinen ámelge asırılǵanda, jańa 24 sekundlı waqıt toptı maydannıń qaptal sızıqları sırtınan oyınǵa kirgiziw menen baslanbaydı.

Bunday jaǵdaylarda top oyınǵa kiritilgennen keyin sol komandanıń oyınshısı top ústinen qadaǵalap baslaǵan waqıtta 24 sekund operatorı, úskene qashan toqtatılgan bolsa, sol waqıttan baslap onı iske saladı.

Eger toptı qadaǵalap turǵan komanda oyınshıları 24 sekund dawamında toptı sebetke taslamasa, ol jaǵdayda 24 sekund signalı shalınadı.

Tóreshiler oyınshılar jaralanǵan hallanda yamasa basqa túrli sebeplerge kóre oyındı toqtatıwı múmkin.

Eger oyınshı jaralanǵan waqıtta top janlı bolsa, yaǵnıy toptı iyelep turǵan komanda onı sebetke taslamaǵansha, toptı joytpaǵansha, toptı oyınnan shıǵarıp jibermegenshe yamasa top jansız jaǵdayǵa ótpegenshe ısqırıwǵa taqat etiwi kerek. Eger jaralanǵan oyınshınıń qorǵaw zárúr bolsa, tóreshiler oyındı tezlik penen toqtatıwı múmkin.

Eger jaralanǵan oyınshı oyındı sol zamatı dawam ettire almasa hám medicinalıq járdem alıp atırǵan bolsa, ol halda aldın almasıw bolmaǵan bolsa, ol bir minutta yamasa múmkinshiligi barınsha tez almaslawı kerek.

Eger jaralanǵan oyınshı járiyma topların atıwı kerek bolsa, olar almastırılǵan oyınshı tárepinen orınlanadı; eger aqırǵı járiyma tobı sebetke anıq tusse, jaralanǵan oyınshınıń almastırǵan oyınshı óz komandasında almasıwı ushın keyingi pursat tuwılǵanǵa shekem almastırılmaydı.

Eger jaralanǵan oyınshı bul elementte kórsetilgenine muwapıq almastırılmasa, onıń komandasına tánepis jazıladı. Lekin komanda oyındı besten kem oyınshı menen dawam ettiriwi kerek bolǵan jaǵday bul esaptan tısqarı.

Eger jaralanǵan oyınshı komandası esabında basqa tánepisler qalmaǵan bolsa, trenerine texnikalıq fol dizimge alınadı.

Rásmiy protokolıdı xatker oyın baslanıwınan 20 minut aldın tómendegishe etip tayarlap qoyıwı kerek:

a) protokoldıń joqarı bólegine eki komandanıń atın jazıp qoyıwı kerek. Birinshi bolıp maydan iyesin jazıwı shárt. Eger turnir yamasa qalıs maydanda jarıs ótkerilip atırǵan bolsa, ol halda programmada birinshi bolıp kórsetilgen komanda jazıladı. Birinshi komanda "A" dep, ekinshi komanda "B" dep belgilenedi;

b) eger jarıs turnir formasında ótkerilip atırǵan bolsa, ol halda xatker oyındı nomerlep barıwı kerek. Ol oyın ótkerilip atırǵan orındı, sáneni hám waqtın jazıwı shárt. Bunnan tısqarı, xatker protokolǵa úlken tóreshi hám tóreshiniń atı– amiliyasın jazıp qoyıwı kerek;

v) keyininen xatker eki komanda oyınshılarınıń atı-familiyasın jazadı. "A" komanda dizimniń joqarı bólegine, "B" komanda tómengi bólegine jazıladı. Kolonkalardıń birinshisine-xatker oyınshılardıń licenziyaların aqırǵı ush nomerin, ekinshisine oyınshılardıń atı–familiyasınıń bas hárıbin, úshinshisine oyınshılardıń nomerin jazıp qoyadı;

g) komandalardıń quramı jazılǵannan keyin hár birin keyingi qatarına sol komandanıń trenerı jáne onıń járdemshisiniń atı familiyası dizimge alınadı;

d) oyın baslanıwına 10 minut qalǵanǵa shekem hár eki trener oyınshılardıń atı-familiyası hám nomerin tastıyıqlap, dizimge qol qoyıwı kerek. Usınıń menen birge, oyındı qaysı bes oyınshı baslawın da jazılıwı kerek. Bul maǵlıwmatlardı birinshi bolıp A komandanıń trenerı beredi.

Bir minutlıq tánepis alınǵanda ketekte qıyıq boyınsha eki sızıq ótkeriledi (X). Bir minutlıq tánepis alınbaǵanda eki parallel sızıq (-) sızıp qoyıladı.

Follar. Oyınshınıń jeke hám texnikalıq folı boladı, olar oyınshınıńń familiyasın aldınan jazıp qoyadı.

Trenerlerdı, trener járdemshisin, rezervtegi oyınshıları hám de komandanı gúzetip kelgen wákiller alǵan folları trenerine jazıladı.

Follar tómendegidey belgilenedi:

- R bul fol ushın top oyınǵa qaptal sızıq sırtınan kiritiledi;

- $R_2$-eki ochko keltiriletuǵın orınnan toptı sebetke ılaqtırıp atırǵanda belgilengen fol - eki ret járiyma tobı urıladı.

-R,-úsh ochko keltiretuǵın tárepten toptı sebetke atıp atırǵanda oyınshıǵa qarsı etilgen fol- úsh ret járiyma tobı urıladı.

-R.-top sebetke ılaqtırıp atırǵanda belgilengen fol, top sebetke túsedi, 1 járiyma tobı urıladı.

-R-ataylap etilgen fol.

-R-hújimdegi komandanıń foli-top qaptal sızıǵı sırtınan oyınǵa kiritiledi.

-F-maydandaǵı yamasa rezervtegi oyınshıǵa mushlasqanı ushın belgilengen fol.

-T-oyınshıǵa texnikalıq fol dizimge alınadı.

-S-trenerge (komanda orınlıǵında otırǵanlardıń birine) texnikalıq fol dizimge alınadı.

-v trener etika-ádep normalarınga ámel etpegenligi, ózin tuta bilmegenligi ushın belgilengen fol. Xatker hár bir 10 minutlıq sherek tawsılǵanda belgilengen folladı keyingi sherekte alınıwı múmkin bolatuǵın follardan qalıń sızıq penen ajıratıp qoyıwı shárt.

Oyınnıń esabı tómendegi tárizde jazıp barıladı. Oyın procesinde sebetke top tusse, sol toptı sebetke túsirgen oyınshınıń nomeri, alıp kelgen ochkonı kórsetip turıwshı san aldına (arqasına) jazılıwı kerek. Toplanıp atırǵan ochkonı ústine sızıqsha (/) sızıp qoyıladı. Úsh ochko alıp kelgen oyınshınıńń nomeri sheńberge alıp (5, 10) qoyıladı. Járiyma tobı ochkosın kórsetiwshi sannıń ortasına úlkenlew noqat ( ● ) penen (4, 5, 6) belgilenedi.

Oyındı juwmaqlaw. Hár bir sherek juwmaqlanǵanda, komandalardıń toplanǵan ochkoların astınan qalın etip sızıp qoyılıwı kerek. Shereklerdiń nátiyjeleri dizimde ajıratıp qoyılǵan orınǵa jazıladı. Oyın aqırında oyın nátiyjesi, yaǵnıy jeńimpaz komanda kim ekenligi kórsetiliwi shárt.

Xatker dizimge tómendegi tóreshilerge-sekund esaplawshıǵa, 24 sekundtı dizimge alıwshıǵa sekund esaplawshıǵa, tóreshige hám aqırǵı úlken tóreshige qol qoydırıp alıwı kerek.

Eger qanday da bir komanda narazılıq ańlatatuǵın bolsa, ol halda tóreshilerdi birewi úlken tóreshiniń ruqsatısız jarıs ótkeriw ornınan ketiwı múmkin.

**Adebiyatlar**


1. Shavkat Mirziyoyev. *Yangi O'zbekiston strategiyasi*.
2. Shavkat Mirziyoyev. *Erkin va farovon, demokratik O'zbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz*.
3. Shavkat Mirziyoyev. *Qonun ustuvorligi va inson manfaatlarini ta'minlash*.
4. Shavkat Mirziyoyev. Oliy Majlisga Murojaatnoma.
5. Shavkat Mirziyoyev. Yoshlar va sport rivoji bo'yicha nutqlari.
6. FIBA. *Official Basketball Rules*.
7. FIBA. *Referees' Manual*.
8. O'zbekiston Basketbol Federatsiyasi. Basketbol qoidalari.
9. International Olympic Committee. Officiating standards.
10. Basketbol nazariyasi va metodikasi. Toshkent.
11. Sport pedagogikasi bo'yicha ilmiy maqolalar.
12. Jismoniy tarbiya nazariyasi darsliklari.
13. O'zbekiston Respublikasining "Jismoniy tarbiya va sport to'g'risida"gi Qonuni.
14. Sportda hakamlik asoslari bo'yicha qo'llanma.
15. Basketbol o'yinining texnik va taktik asoslari.
16. Basketbol musobaqalarini tashkil etish metodikasi.
17. Zamonaviy sportda hakamlik tizimi.
18. Sport o'yinlari qoidalari va metodikasi.
19. Xalqaro sport musobaqalarini tashkil etish qoidalari.
20. Jismoniy tarbiya va sport metodikasi bo'yicha o'quv qo'llanma.